



## Kisa li ye?

**Pwogram Koneksyon Abòdab (Affordable Connectivity Program)** se yon pwogram ki ede fanmi konekte ak divès lòt moun ki gen difikilte pou yo peye sèvis entènèt.

### Benefis yo bay:

- Jiska \$30/mwa rabè pou sèvis entènèt

### Kòman mwen kapab kalifye?

- Oumenm, pitit ou a, oswa depandan ou genyen ki enskri nan pwogram gouvènman an tankou Pwogram Manje Midi Gratis ak Pri Redui, SNAP, Medicaid, Asistans Lojman Federal, Revni Sekirite Sipleman tè (SSI), WIC, Pansyon Veteran oswa Benefis Sivivan, Lifeline, oswa lòt moun **OSWA**
- Bazed sou revni kay ou a

### Kòman pou mwen aplike?

#### 1. Aplike pou *Affordable Connectivity Program*:

- Ale nan [GetInternet.gov](https://getinternet.gov) pou soumèt yon aplikasyon sou entènèt oswa enprime l pou voye l pa lapòs.
- Enstriksyon pou ranpli aplikasyon *Affordable Connectivity Program* nan disponib anliy ann Anglè ak Espanyòl. Rele **1(877) 384-2575** pou asistans nan lòt lang oswa pou mande pou yo voye yon aplikasyon pa lapòs pou ou.

#### 2. Chwazi yon Plan Entènèt:

- Depi yo apwouve w, kontakte ajan/konpayi sèvis entènèt patisipan ou prefere a pou chwazi yon plan epi fè yo aplike rabè sou bòdwo w la.
- Chèche yon konpayi sèvis entènèt patisipan toupre w la nan pwogram nan.
  - Ale nan <https://cnm.universalservice.org/> pou jwenn konpayi ki toupre w **OSWA**
  - Chwazi yon konpayi/ajan sèvis entènèt ou deja abitye avèk li.

### Kòman mwen kapab jwenn èd avèk aplikasyon mwen an?

- rele **(877) 384-2575** oswa imèl [ACPSupport@usac.org](mailto:ACPSupport@usac.org).
- yo louvri 7 jou pa semèn ant 9:00 a.m. ak 9:00 p.m. ET.
- Sant Sipò Pwogram Koneksyon Abòdab nan plizyè lang lan disponib.

### Konsèy pou ede w chwazi bon plan entènèt la:

- Mande konpayi an pou plan ki gratis avèk Pwogram Koneksyon Abòdab la. Anpil konpayi ofri yo, men yo pa toujou fè piblisite.
- Poze kesyon sou depans ki pa klè yo, tankou pri ki ogmante rapid, frè enstalasyon, ak frè ekipman yo.
- Konsidere vitès pou telechaje 100mbps oswa pi wo si plizyè moun pral itilize entènèt la oswa ou vle difize videyo.
- Konsidere vitès pou telechaje 20mbps oswa pi wo si ou vle itilize aplikasyon elektwonik tankou *Zoom*, *FaceTime*, ak *Google Classroom*.